8. Себина Е.Н. Пейзаж. // Введение в литературоведение. Литературное произведение: основные понятия и термины. – М.: Академия. 2000.
9. Солижонов И. XX аср ўзбек прозасида бадиий нутқ поэтикасы. Докт.дисс. – Тошкент: 2002.

**РЕЗЮМЕ**

Бадиий асарларнинг кўп қисмини табиат манзаралари ташкил этади. Айниқса, катта ҳажмли романларда табиат манзаралари детальлари қаҳрамон яшаган давр, қаҳрамоннинг руҳиятини очишда бадиий восита ҳисобланади. Мақолада таниқли адиблар Т.Қайпбергеновнинг «Кўз қорачиғи», К.Мамбетовнинг «Тўзғиган эл», К.Алламбергеновнинг «Дарё тортилган йиллар» романларининг композицион қурилишида табиат манзараси деталларининг сюжет мотивировкаси, параллель ва контраст психологик тасвирлаш усули сифатида қўлланилиши илмий-назарий асосларга таяниб таҳлил қилинди.

**РЕЗЮМЕ**

Большую часть во многих литературных произведениях составляют пейзажные зарисовки. Особенно это наблюдается в эпических произведениях, в которых даётся детальное изображение природы, время и место действия героев, раскрываются психология героя и дух эпохи. В статье с научно-теоретической точки зрения анализируются особенности употребления психологического параллельного и контрастного изображения, которые даются в качестве приёма сюжетной мотивировки деталей природных зарисовок в композиционной структуре романов Т.Каипбергенова “Зеница ока”, К.Мамбетова “Разорённый народ”, К.Алламбергенова “Годы, когда река застывала”.

**SUMMARY**

The most part of many literary works is landscape drawings. Especially it is observed in epic works, where detailed description of nature, the time and place of heroes' actions are given, the psychology and spirit of the time are revealed. This article shows from scientific-theoretical outlook the analysis of the features of using psychological parallel and contrast images, which are given as a device of plot motivating of the details of nature drawings in the compositional structure of the novels “The apple of an eye” by T.Kaypbergenov, “Broken people” by K.Mambetov. “The years when river became calm” by K.Allambergenov.

## ҚАРАҚАЛПАҚ ӘДЕБИЯТТАНЫЎ ИЛИМИНДЕ ЛИРИКАЛЫҚ ҚАҲАРМАН ОБРАЗЫНЫҢ ИЗЕРТЛЕНИЎИ

**П.А.Дабылов** – *үлкен илимий хызметкер-изленийши*
*Әжинияз атындағы Нөкис мәмлекетлик педагогикалық институты*

**Таянч сўзлар:** шоир, лирик қаҳрамон, автор образы, поэзия, типик қаҳрамон, автобиографик шъер.
**Ключевые слова:** поэт, лирический герой, образ автора, поэзия, типический герой, автобиографическое стихотворение.
**Key words:** poet, lyric hero, image of author, poetry, typical hero, autobiographicai poem.

Әлбетте, усы ўақытқа шекемги қарақалпақ әдебияттаныў илими менен сынында лирикалық жанрдың улыўмалық қәсийетлери менен бир қатарда ондағы лирик қаҳарманның гейпара тәреплери туўралы белгили дәрежеде теориялық ой-пикирлер айтылып келмекте. Солардан Н.Дәўқараевтан баслап поэзияны арнаўлы изертлеген С.Ахметов, Т.Мәмбетниязов, Қ.Султанов, К.Худайбергенов, Қ.Муратбаев, Қ.Жәримбетов, Қ.Оразымбетов, М.Мәмбетова ҳәм тағы басқалар поэзияның жаны ҳәм қаны болған лириканың теориялық мәселелерине, лирикалық қаҳарман машқаласына байланыслы өз ойларын ортаға таслаған итибарлы, салдамлы мийнетлери, диссертациялары менен монографияларын көпшиликке инәм етти. Олардың биразы қарақалпақ поэзиясын ямаса оның XX әсирдеги тутас раўажланыў жолларын улыўмаластырып қамтып алса да, ал олардағы усы жанрдың улыўмалық қәсийетлери, оның ишки жанрлық көп түрлилиги менен формалық эволюциясы, классикалық поэзияның мәселелери сөз етилсе де, бирақ олар тутас қарақалпақ поэзиясындағы лирикалық қаҳарман образының жаратылыў мәселелерине толық қатнасы бар болып есапланады. Сонлықтан, бул пикирлерди есапқа алмай турып биз қарақалпақ поэзиясында лирикалық қаҳарман мәселесин дурыс сөз етип шеше алмаймыз деген пикир келип шығады.

Белгили әдебиятшы С.Ахметов лирикалық қаҳарманның интеллектуаллығы жөнинде былай деп жазады: «... шын жүректен шыққан поэзия ғана жүрекке жетип барады, адамларды ойланып толғаныўларға мәжбүрлейди. Бул сыпат поэзияның, оның интеллектуаллығының көринисин анықлап береди» [1:91]. Лирикалық қаҳарманның интеллектуаллық дәрежеси туўралы Қ.Камалов: «Ш. Сейтовтың қосықларында лирикалық қаҳарманның ойлаў, пикирлеў шеңбериниң кеңлиги, қосыққа жаңа форма излениўшилиги, публицистикалық пикирлеў ҳәм т.б. жақсы белгилер тән» [2:94]-деп жазады. Бирақ, соны да айтып өтиўимиз керек, дөретилген барлық лирикалық қаҳарманлардың өмир қубылыслары ҳаққындағы ойлары терең болып келе бермейди. «...Бизде гейде лирикалық қаҳарманның ойлаў диапазоны тар, өмир шынлықлары ҳаққында ойлары ескирген болып келеди» [2:94] - деп пикир билдириў арқалы илимпаз базда айырым шайырлардың бурыннан айтылып-айтылып сыйқағы шыққан сөзлерди қолланыў кемшилиги де ушырасатуғынлығын ескертип өтеди.

К.Худайбергенов XX әсирдиң 50-60-жылларындағы қарақалпақ поэзиясына тән болған көпшилик шайырларда ушырасатуғын дәбдебепазлық, көмпек сөзлилик ҳәм шақырық формасындағы қосықларында лирикалық қаҳарманды ой-сезимлер қайнаўытларында емес, ал мийнет процесиндеги ис-ҳәрекетлери менен бериўи нәтийжесинде лирикалық қаҳарман жуўмақлаўшы образ дәрежесине көтериле алмағанын, өмир қубылысларын тек баян етиў менен шекленгенликтен, бундай қосықлар көпшиликтиң жүрек сезимлерин қытықлай алмайтуғынын көрсетип былай деп жазады: «Бул жерде тийкарғы гәп қосықлардың конкрет предметлерге арналғанлығында емес, мәселе, лирикалық қаҳарманның жуўмақлаўшы образ дәрежесине көтериле билиўинде. Сонлықтан, шайырды ҳеш қашан лирикалық қаҳарман менен тең қойыўға болмайды» [3:33]. Себеби, «оқыўшы қосықта өз жан дүньясын көрмей, тек автордың өзине ғана тән туйғыларды, яки турмыс фактлерин көрсе, демек, автор образы дөретилген болады» [4:11]. Ол усы көз-қарастан қарай отырып, сол дәўирдеги автор образы дөретилген гейбир қосықларда лирикалық қаҳарман образы бар деп надурыс таллаған әдебиятшы илимпаз Т.Мәмбетниязовтың да пикирлерин қатты сынға алады [3:48].

Өмир қубылыслары шайырдың жүреги арқалы берилгенликтен бул жағынан ол автобиографиялық характерге ийе болып сезиледи. Бирақ ол усының менен шекленип қалмай өзиниң өсиў процесин тағы да даўам етсе, ол жәмийетлик образлы пикир дәрежесине көтериледи. Демек, лирикада шайыр менен ишки кеширмелери сәўлеленип атырған образ биригеди ҳәм олар пүтин бир организмге айланады. Мәселен, Қ.Оразымбетовтың дурыс таллап көрсеткениндей, «Ибрайым Юсуповтың «Орфейге», «Шойдания», «Қыз дәўраны атлы алтын тақтыңнан», «Кеўил аспанымда жулдызлар сөник», «Пазыйлет», «Кепти мине жас топырағың» атлы қосықлар цикли бар…

Буларда лирик қаҳарман шайырдың өзи. Бир қарағанда, өмирбаянлық қосық. Өйткени, онда шайыр лирик қаҳарманның жеке басына түскен қайғыны сөз етиў объекти сыпатында таңлайды. Бирақ гәптиң бәри де сонда, бул қосықлар жеке адамның қайғысы, муңы ҳаққындағы қосықлар болып ғана қоймай, улыўма адамзатлық машқалалар ҳаққында сөз етиўши, адамыйлық мәпке хызмет етиўши қосықлар дәрежесине көтерилген. Олар лирикалық қаҳарманның жеке дәрти, қайғысы емес, бәлким, бизиң ҳәр биримиздиң басымызға түсетуғын қайғы екенлигин түсинип жетесең» [5:21].

Сондай-ақ, «Ҳәзирги қарақалпақ лирикасында көркем формалардың эволюциясы ҳәм типологиясы» (2004) деген монографиясында илимпаздың ҳәзирги, яғный XX әсирдеги қарақалпақ лирикасының формалары-жанрлары туўралы итибарлы ойлары, алған илимий теориялық әдебий материалларының байлығы, олардың көпшилигиниң лирикалық қаҳарман образын жаратыў мәселелерине қатнаслы екенлиги бизиң алға қойған ой-пикирлеримизди дурыс жуўмақластырыўға белгили дәрежеде жәрдем береди деп ойлаймыз.

Улыўма алғанда, қарақалпақ әдебияттаныў илиминдеги теориялық ой-пикирлерди бир қатар көзден өткериўден келип шығатуғын жуўмақлы ойларымыз соннан ибарат, лирика ҳәм лирикалық қаҳарманда тийкарынан шайырдың ой-сезимлери менен интеллектуаллық сыпатлары, дүньяға көзқарасы, ең баслысы, *сезимталлық*, пикир ҳәм ойларды эмоциональлық түрде қабыл етиў ҳәм солайша сәўлелендириў, қәлем ийесиниң дүньятанымының кеңлиги ҳәм тереңлиги, оның өмирбаянлық сыпатларының да байлығы,

бәлким, оның базда қарама-қарсылықларға (конфликтлерге) толы екенлиги, шайырдың қыял қусының ушқырлығы, ол жасаған образлардың символико-метафоралық қәсийетлериниң байлығы, тәбиятты жан-тәни менен сезиў ҳәм оның барлық тынысын жанлы қабыл етиў ҳәм терең гуманизм менен түсиниў тийкарғы орынды ийелейди. Әлбетте, бул бағдарда лирикалық қаҳарман тек ғана шайырдың жеке образы деп түсинилместен, ал ол улыўмаластырылған, бирақ индивидуалластырылған, жеке ой-сезимлер толқынларына бөленген типик қаҳарман болып есапланады. Бул типикликти жаратыўда, әлбетте, шайыр турмыс ўақыяларын сюжетлик-композициялық бағытта дизип отырмастан, ал оны шекленген ҳалда (Г.Н.Поспелов) таңлап алып, сол сюжеттиң өзин толқынлатқан моментлери арқалы образ типикллигин, оның социал-жәмийетлик әҳмийетин жаратып отырады. Соның ушын да шайырдың руўхый дүньясы менен оның сезимталлығының кеңлиги ҳәм тереңлиги, дүньятанымының өткирлиги бунда шешиўши әҳмийетке ийе болады. Егер де шайырдың руўхый дүньясы менен тутас дүньятаныўшылық (позновательная), сезимталлық психологиясы тар болса, онда ол жасаған образлар да өтимсиз, жалған публицистизм, яки өткинши сиясат, яки ўақытша қосықлар қатарында ғана қалып қойыўы сөзсиз. Улыўма, шайырдың «мени»ниң байлығы лирикалық қаҳарман образының өткирлигин, оның өтимлилигин келтирип шығарады, оның ишки дүньясының байлығы лирикалық қаҳарманлар образының да социал-жәмийетлик белсендилиги менен оның гуманизмин, патриотизмин, келешекке болған идеалының исенимли ҳәм тәбийийлығын пайда етип отырады, оларды сәўлелендириўдеги көп түрлилик, поэтикалық бояўлардың рәң-бәреңлигин туўдырады.

**Әдебиятлар**

1. Ахметов С. Ҳинжи-маржан тереңде болар. «Әмиўдәрья», 1983, №4, 91-б.
2. Камалов Қ. Поэзияға терең пикир ҳәм жаңа ойлар керек. «Әмиўдәрья», 1986, №6, 94-б.
3. Худайбергенов К. Дәўир ҳәм парыз. -Нөкис: «Қарақалпақстан», 1987, 33-34, 48-49-б.
4. Худайбергенов К. Лирика ҳәм өмир. -Нөкис: «Қарақалпақстан», 1971, 11-б.
5. Оразымбетов Қ. Ҳәзирги дәўирдеги қарақалпақ лирикасында көркемлик излениўшилик. -Нөкис: «Билим», 1992, 21-б.

**РЕЗЮМЕ**

Мақолада қорақалпоқ адабиётшунослигида лирик қаҳрамон образи тадқиқи йўналишлари таҳлил қилинган. С.Ахметов, Қ.Камалов, Т.Мамбетниязов, К.Худайбергенов, Қ.Оразымбетов каби олимларнинг илмий назарий қарашларига шарҳлар берилган. Лирика, лирик қаҳрамон ва муаллиф образининг хусусиятлари очиб берилади. Лирик қаҳрамон образи яратилишида шоир маънавий дунёсининг тутган ўрни ва аҳамияти ўрганилади.

**РЕЗЮМЕ**

В статье обсуждается направление исследования лирического образа в каракалпакском литературоведении. Были проанализированы научные теоретические мнения С.Ахмедова, К.Камалова, Т.Мамбетниязова, К.Худайбергенова, К.Оразымбетова. Были раскрыты своеобразие лирики, образа автора и лирических героев. В создании поэтом лирического образа были изучены место и значение духовного мира героя.

**SUMMARY**

The article is devoted to the study of lyrical image in Karakalpak literature. There have been analysed the theoretical views of the scholars S.Akhmedov, K.Kamalov, T.Mambetniyazov, K.Xudaybergenov and K.Orazimbetov. The author studies the peculiarities of lyricism, the author’s image and lyrical heroes. The spiritual world of the hero plays a great role in the creation of lyrical character

## ГАПНИНГ СИНТАКТИК ТАҲЛИЛИГА ЁНДАШУВЛАР

**Р.Хабипова** - *ассистент ўқитувчи*
*Бердақ номидаги Қорақалпоқ давлат университети*

**Таянч сўзлар:** ядро предикатив, субординатив, координатив, аппозитив, интродуктив, прагматик, когнитив, локутив субъект.
**Ключевые слова:** ядро предикатива, субординатив, координатив, аппозитив, интродуктив, прагматик, когнитив, локутив субъект.
**Key words:** nuclear of the predicative, subordinative, coordinative, appositive, introductive, pragmatic, cognitive, locative subject.

Жаҳон тилшунослигида барча амалий ва назарий грамматикаларда гап қурилмасининг синтактик таҳлили борасида асосан синтактик бирликларни бош ва иккинчи даражали бўлакларга ажратиб таҳлил қилиш кенг тарқалиб, барча таълим тизимининг ҳамма босқичларига жорий этилган, айниқса, собиқ иттифоқ даврида ўрта ва олий таълим муассасаларида кенг қўлланилган [ 1, 2].

Бу борада айрим инглизшунос олимларнинг таъкидини эътиборга олсак, улар фақат эгани фарқлаб, гапнинг бошқа бўлакларини кесим таркибига қўшиб юборади. Х.Вайтхолнинг таъкидлашича: The reporter gave the lady a present гапига the reporter-subject, gave the lady a present-predicate ва унинг таркибида the lady-inner complement, a present-outer complement деб гапни таҳлил қилса [3] П.Робертс эса уни гап таркибида иштирок этган бирликларнинг морфологик ифодасига кўра қолиплаштиради [4]. Яна бир гуруҳ тилшунослар фақат бош бўлакларни эътироф этишиб, иккинчи даражали бўлакларни “modifiers” атамаси билан морфологик жиҳатдан қуйидагича таснифлайди: a) Attributive Adjective modifiers, which modify a noun or a pronoun; b) Objective modifiers, which modify a verb, an adjective or an adverb; c) Adverbial modifier, which modify a verb, an adjective or another adverb [5]. Р.В.Зандворт эса иккинчи даражали бўлакларни “Adverbial adjuncts” деб атайди [6]. Юқорида қайд қилинган фикрлардан маълумки, гапнинг бош бўлаклари тўлиқ эътироф этилган бўлишига қарамай иккинчи даражали бўлаклар масаласида тилшунослар ҳанузгача бир тугал фикрга келган эмас.

Бу борада рус тилшунослигида икки хил ёндашув кўзга ташланади, яъни Ф.И.Буслаев ва М.В.Бадхенлар логик–грамматик тамойилдан келиб чиқиб, маънога қараб сўроқ қўйиш ҳамда синтактик бирликларнинг ўзаро боғланиш усулларини аниқлашдан келиб чиқса [7,8] бошқалари морфологик ифодаланиш усулига таяниб, сўз туркумларининг гап бўлакларига мутаносиблигидан келиб чиқишини таъкидлайдилар [9, 10].

Айрим тадқиқотчилар анъанавий синтактик атамаларни, яъни “тўлдирувчи”, “аниқловчи”, “ҳол” кабилар ўрнига бошқа атамалардан фойдаланишни тавсия қилади. Масалан, Т.С.Кириллова ўзининг монографик ишида уларни “Семантические распространители” деб қуйидагиларга ажратиб таҳлил қилишни тавсия этади: “Семантические распространители делятся на семантический объект, семантический атрибут, семантический адресат, обстоятельственные, детерминарующие распространители- пространственный, временный, условный, причины, цели, обстановка (ситуации)” [11]. В.А.Белошапкова эса гап бўлакларини иккига “главные” ва “неглавные” ажратиб таҳлил қилишни таъкидлаб, “главные”– гапнинг предикатив асосини ташкил этувчилар бўлса, “неглавные” – гапнинг предикатив қисмига кирмайдиган бирликларга ажратиб, улар ўз навбатида иккига бўлинади, яъни гапнинг структур схемасига кирувчилар ва гапнинг структур схемасига кирмайдиганларга ажратиб таҳлил қилишни тавсия қилади [12].

Таъкидлаш жойизки, ҳар бир гап қурилмасининг ўзига хос бирликлари мавжуд бўлиб, улар фақат шу қурилма даражасидагина ўзаро ассоциатив ва синтагматик алоқада бўлади. Шу жиҳатдан қаралганда, анъанавий синтаксисдаги айрим баҳсталаб масалалар ойдинлашиши мумкин.

Мантиқ тилшунослари гап таркибидаги синтактик бирликларни, яъни эга ўрнига “субъект”, кесим ўрнига “предикат” каби лисоний атамалардан фойдаланиб, гап қурилмасини таҳлил қилишни тавсия этади. Лекин бу борада эга билан субъект, кесим билан предикатнинг ўхшашлик томонлари ҳамда уларнинг бир–биридан фарқ қилувчи томонлари бир неча муаммоларга йўл очиб бериши эътибордан четда қолади. Масалан, рус мантиқий тилшуноси Ю.И.Буслаев “... тилда эгага бош келишикда келген от мос келади.... баъзан эга ва кесим бошқа сўз туркумлари билан ифодаланади, лекин ҳар ҳолда эгани англатган сўз от маъносини, кесимни англатган сўз эса феъл маъносини олади” деган фикрни билдиради Буслаев. Бу фикрдан шундай хулосага келиш мумкин, яъни гап таркибида эга ҳар доим бош келишикда келиб, фақат субъектни ифодаласа, кесим феъл билан ифодаланиб, предикат бўлиб келса, ва уларда ўхшашлик мавжуд бўлса, бош бўлакларни ҳар хил атамалар билан аташга нима мажбур қилди деган саволнинг туғилиши табиийдир. Бундан ташқари, тилшуносликда “предикат” атамаси бир неча изоҳларига эга. Масалан, Г.А.Лобонова предикатни онтологик аспектда белги сифатида, мантиқий аспектда эса маълум бир вазифа сифатида намоён бўлишини таъкидлайди [13:6].

Гап таҳлили ҳақида А.Нурмоновнинг таъкидлашича, систем тилшуносликда гапнинг структур элементлари гап бўлаклари